# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–16 दिसंबर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस विधानमण्डल क सीतकालीन सत्र आजु से सुरू भइल। विधानसभा क कार्यवाही सुरू भइले से पहिले समाजवादी पारटी क विधायक विधानभवन में चौधरी चरण सिंह के मुरती के सामने धरना दिहलें अउर सरकार बिरोधी नारा लगवलें। इग्यारह बजे सदन क कार्यवाही सुरू होते बिपक्षी सम्भल अउर बहराइच के मुद्दा पर चरचा क मांगि कइलें। विधानसभा अध्यक्ष के मना कइले पर बिपक्षी वेल में आ गइलें अउर नारेबाजी सुरू कइ दिहलें। हंगामा बढ़त देखत विधानसभा अध्यक्ष सदन क कार्यवाही स्थगित कइ दिहलें। कार्यवाही दोबारा सुरू भइले पर सपा विधायक एक बेर फेर सम्भल अउर बहराइच के मामिला के उठवलें। एकरे बाद मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आपन बाति रक्खत राष्ट्रीय अपराध रिकॉर्ड ब्यूरो के आंकड़ा क हवाला देत बतवलें कि बरिस दुइ हजार सतरह से अबले प्रदेस में साम्प्रदायिक दंगा में सत्तानबे से निन्यानबे फीसदी क कमी आइल हौ। दुइ हजार सतरह से अबले यूपी में दंगा नाही भइल हौ जब कि दुइ हजार बारह से दुइ हजार सतरह ले सपा सासन में राज्य में आठ सौ पनरह साम्प्रदायिक दंगा भइल रहे। उहां के कहलीं कि आजु प्रदेस में सुरक्षा के माहौल के नाते चालीस लाख करोड़ रूपिया क निवेस प्रस्ताव उत्तर प्रदेस के मिलल हौ।

मुख्यमंत्री कहलें कि बहराइच अउर सम्भल में प्रसासन क कार्रवाई न्यायसंगत तरीका से बढ़ि रहल हौ। सम्भल में अदालति के आदेस पर सर्वे होत रहे। उहां के कहलीं कि सरकार पहिलहीं कहले हौ कि न्यायिक आयोग क रिपोर्ट अइले पर दूध क दूध आ पानी क पानी हो जाई। मुख्यमंत्री सपा के विधायक के नसीहत दिहलें कि उन्हें बाबा साहेब आम्बेडकर के मूल संविधान क प्रस्तावनों के पढ़े के चाही। बीस दिसम्बर ले चले वाले सीतकालीन सत्र में बिहने अनुपूरक बजट पेस कइल जाई।

**********

सम्भल जिला में मिलल पुरान शिव मंदिर परिसर में मौजूद कुंआ के करीब बीस फुट ले खोनल गइल हौ। अपर पुलिस अधीक्षक श्रीश चन्द्र आजु बतवलें कि खोदाई में माता पार्वती, भगवान गणेश अउर कार्तिकेय जी क खण्डित मुरती मिलल हौ। जिला प्रसासन अब कुंआ क खोदाई क जिम्मेदारी भारतीय पुरातत्व सर्वेक्षण के दिहले क तइयारी में हौ।

**********

ओन्नइस सौ एकहत्तर के लड़ाई में पाकिस्तान पर भारत के जीति के यादि में आजु पूरा देस विजय दिवस मना रहल हौ अउर अपने प्राण क आहुति देवे वाले सहीदन के भावभीनी सरधांजलि दे रहल हौ। ओन्नइस सौ एकहत्तर में येही दिन्ने पाकिस्तानी सेना क लेफ्टिनेंट जनरल ए खान नियाजी 93 हजार सैनिकन के साथे भारतीय सेना अउर मुक्ति वाहिनी के सामने बिना सर्त आत्मसमरपण कइले रहलें। एकरे बाद पूरबी पाकिस्तान क उदय बांग्लादेस के रूप में भइल। विजय दिवस के मौका पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु ओन्नइस सौ 71 के लड़ाई क बहादुर सैनिकन के सरधांलि दिहलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ विजय दिवस के मनुस्यता क जीति बतवलें।

**********

पद्म विभूषण से सम्मानित विस्व विख्यात तबला बादक जाकिर हुसैन क काल्हि राति अमेरिका में सरगबास हो गइल। उहां के 73 बरिस क रहलीं। उन्हें दिल के बेमारी के नाते सैन फ्रांसिस्को के एगो अस्पताले में भरती करावल गइल रहे। अपने छौ दसक के कैरियर में जाकिर हुसैन पांच ग्रैमी पुरस्कार जितले रहलें, जेहमें से तीनि येह सालि के सुरूआति में छाछठवें ग्रैमी पुरस्कार में जितले रहलें। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनके सरगबास पर दुख जतावत एहके संगीत जगत क अपूरणीय क्षति बतवले हवें।

**********

प्रदेस में बिजुली बिल के बकायेदारन बदे एकमुस्त समाधान योजना सुरू हो गइल हौ। तीनि फेरा में चले वाले समाधान योजना क पहिला फेरा एकतीस दिसम्बर ले चली, जबकि दुसरका फेरा एक से पनरह जनौरी ले अउर तिसरका अउर आखिरी फेरा सोरह से एकतीस जनौरी ले चली। एकरे तहत बिजुली बिल पर सरचार्ज में छूट मिली अउर बकाया बिल क भुगतान आसान किस्ति में कइले क बिकल्प मिली।

**********

कुशीनगर जिले में सितलहरी के देखत असहाय अउर गरीबन बदे सज्जो नगर निकाय में तेरह जगहि पर निःसुल्क रैन बसेरा बनावल गइल हौ। जिलाधिकारी विशाल भारद्वाज बतवलें कि एहमें बिछौना, कम्बल, पानी, मेडिकल किट आ मेहरारू अउर पुरूसन बदे अलगि–अलगि सौचालय क इंतिजाम कइल गइल हौ।

**********